



PEMERINTAH KABUPATEN BLITAR
KELOMPOK KERJA GURU KELAS V SELOPURO
SUMATIF AKHIR SEMESTER (SAS) I
TAHUN PELAJARAN 2025/2026



Mata Pelajaran : Bahasa Jawa	Nama :
Kelas : V (Lima)	Waktu : 90 Menit
Sekolah Dasar : UPT SD Negeri Ploso 03	Nilai :
Hari/Tanggal : Selasa, 09 Desember 2025	

I. Pilihlah salah siji wangsulan sing paling bener!

Wacanen teks ing ngandhap iki!

“Engklek iku dolanan sing kudu dilakoni kanthi mlumpat nganggo siji sikil lan ora kena nginjak garis.”

- Ing dolanan *engklek*, apa sing ora kena ditindakake pemain?
 - mlumpat nganggo siji sikil
 - Nggawe garis dolanan
 - Ngingjak garis nalika mlumpat
 - Ngluwihi kothak dolanan
- Salah siji **tujuan pasinaon** ing bangku ing sekolahan yaiku supaya murid dadi wong sing pinter lan...
 - Sugih dunya
 - Duwe budi pekerti luhur
 - Seneng dolanan
 - Mangan enak
- Nalika isih bocah, kewajiban utama sing kudu ditindakake yaiku...
 - Nyambut gawe
 - Sinau kanthi temen
 - Mbangun omah
 - Mlaku-mlaku ing kutha

Teks 1 kanggo Soal 4–5

“Cublak-cublak suweng kalebu dolanan tradisional sing wis ana wiwit jaman biyen. Dolanan iki biasane dilakoni ing panggonan sing amba. Siji bocah dadi juru lan lungguh sambil nutup mripat. Bocah liyane padha lungguh ngubengi juru. Nalika padha nyanyi lagu Cublak-cublak Suweng, salah siji bocah nyelipake barang cilik ing tangane lan ngoper kanthi alon-alon supaya ora ketara. Sawisé lagu rampung, juru kudu nebak sapa sing nyekeli barang kasebut. Dolanan iki ngajari kekompakan lan ketelitian.”

- Apa peran bocah sing dadi juru ing dolanan *cublak-cublak suweng*?
 - Nyanyi lan ngoper barang
 - Nutup mripat lan nebak sing nyekeli barang
 - Golek papan kanggo dolanan
 - Mimpin lagu supaya kompak
- Apa nilai karakter sing bisa digayuh saka dolanan *cublak-cublak suweng*?
 - Keberanian lan kakuatan
 - Kedisiplinan lan kesabaran
 - Ketelitian lan kekompakan
 - Keaktifan lan kerapian
- Tahapan urip sawise lair, wiwit saka bayi, bocah, nganti tekan diwasa diarani...
 - Cita-cita
 - Lelakon urip
 - Pasinaon
 - Kerukunan

Teks kanggo Soal 7–9

“Dakdakan utawa petak umpet iku dolanan tradisional sing migunani kanggo nglatih keberanian lan kecerdikan. Siji bocah dadi ‘dakon’ sing tugasé ngitung nganti angka tartamtu nalika kanca-kancane ndhelik. Sawisé rampung ngitung, dakon kudu golek salah siji kanca sing ndhelik. Dolanan iki

kerep dilakoni ing pekarangan omah utawa papan sing akeh panggonan kanggo ndhelik. Bocah sing kapisan ketangkep bakal dadi dakon ing putaran sabanjure.”

7. Apa tugas utama dakon ing dolanan *dakdakan*?
 - a. Ndhelik ing papan paling aman
 - b. Ngitung lan nulis jeneng kanca-kanca
 - c. Ngumpulake barang sing disebar
 - d. Golek kanca-kancane sing ndhelik
8. Ing ngendi dolanan *dakdakan* biasane dilakoni?
 - a. Ruangan cilik sing sepi
 - b. Pekarangan omah utawa papan kanthi akeh panggonan ndhelik
 - c. Ruang kelas nalika pelajaran
 - d. Tengah dalan raya
9. Sapa sing biasane dadi dakon ing putaran sabanjure?
 - a. Sing paling cepet mlayu
 - b. Sing paling pinter ndhelik
 - c. Bocah sing kapisan ketangkep
 - d. Bocah sing paling tua
10. Nalika ana kanca sing kesusahan, sing kudu kita tindakake yaiku ...
 - a. Ngguyu
 - b. Aweh pitulungan
 - c. Nglalekake
 - d. Melu seneng-seneng
11. Apa tegese "**tepa salira**"?
 - a. Seneng pamer
 - b. Bisa ngrasakake kahanane wong liya
 - c. Mangan dhewe
 - d. Nyenengake awake dhewe
12. Salah siji conto mongkog dadi Wong Indonesia yaiku...
 - a. Seneng ngapusi
 - b. Seneng barang saka luar negeri
 - c. Tresna marang budaya lan produk Indonesia
 - d. Lali marang basa dhewe
13. Ngajeni lan ngormati marang wong liya, sanajan beda suku lan agama, minangka wujud saka ...
 - a. Kerukunan Jeroning Masyarakat
 - b. Tujuan Pasinaon
 - c. Lelakon Urip
 - d. Ora duwe pendirian
14. "Ajining dhiri saka lathi." Ukara iki duwe gandheng ceneng karo materi ...
 - a. Tujuan Pasinaon lan Lelakon Urip (ngajarake babagan guneman sing becik)
 - b. Kerukunan Jeroning Masyarakat
 - c. Mongkog Dadi Wong Indonesia
 - d. Cita-cita
15. Teks pawarta lumrahe nggunakake basa ...
 - a. Basa kromo inggil
 - b. Basa ngoko alus
 - c. Basa resmi lan lugas
 - d. Basa campuran ngoko lan krama
16. Ing ngisor iki kang kalebu ciri-ciri pawarta yaiku ...
 - a. Ana dialog antarane tokoh
 - b. Isine fiksi lan imajinatif
 - c. Nyritakake kedadayan nyata
 - d. Nglukisake perasaan penulis
17. Salah siji struktur pawarta yaiku **sirah warta**, yaiku ...
 - a. Kesimpulan saka pawarta
 - b. Kalimat pambuka sing nerangake inti warta
 - c. Tanggal lan panggonan warta
 - d. Penjelasan rinci bab kedadayan
18. Teks ing ngisor iki kalebu pawarta amarga ...

"Wingi esuk SD Mulyorejo nganakake adicara resik-resik kelas kanggo nyambut Ujian Sekolah. Kegiatan iki dilakoni kabeh siswa kelas 4–6."

 - a. Isine crita petualangan
 - b. Critane bisa digawe penulis sak karepe

- c. Nyritakake kegiatan nyata sing kelakon
 - d. Ana tokoh utama lan tokoh tambahan
19. Wacanen pawarta ing ngisor iki!
- "Wingi sore, SD Sindutama nganakake latihan upacara kanggo nyiapake peringatan Hari Pahlawan. Kabeh siswa saka kelas 4 nganti 6 melu latihan kanthi tertib lan semangat." Adhedhasar teks pawarta kasebut, pernyataan ing ngisor iki bener, kecuali ...
- a. Ana kegiatan latihan upacara ing sekolah
 - b. Kegiatan kasebut kelakon ing wayah sore
 - c. Latihan mung ditindakake para guru sekolah
 - d. Kegiatan kasebut ana gandheng cenenge karo Hari Pahlawan
20. Tembung camboran yaiku ...
- a. Gabungan saka rong tembung utawa luwih sing dadi teges anyar
 - b. Tembung sing owah swarane
 - c. Tembung sing niru swara
 - d. Tembung sing ngemu arti kosok baline
21. Ngisor iki sing kalebu tembung camboran yaiku ...
- a. Tulisane
 - b. Wektune
 - c. Kembang gula
 - d. Kapindhone
22. Ing ngisor iki sing kalebu tembung saroja yaiku ...
- a. adol–tuku
 - b. metu–mlebu
 - c. udan–panas
 - d. sayah–siyega
23. Ngisor iki kang dudu tembung camboran yaiku ...
- a. Bal-balan
 - b. Kembang api
 - c. Bantheng ketaton
 - d. Mriyayeni
24. Tembung camboran “bal-balan” ateges ...
- a. Dolanan bal
 - b. Dolanan karo bal-balan
 - c. Wong sing dolanan bal
 - d. Papan kanggo main bal
25. Ing ukara **“Mbok Mirasih kuwi entengan tangan,mula akeh wong seneng”**, tembung entar yaiku ...
- a. Mbok Mirasih
 - b. entengan tangan
 - c. mula akeh
 - d. wong seneng

II. Wangsulana pitakonan ing ngisor iki kanthi bener lan cekak!

1. Dolanan tradisional yaiku dolanan sing wis ana wiwit....
2. Salah siji conto dolanan tradisional sing nggunakake bal yaiku
3. Supaya cepet pinter, anggone sinau kudu
4. Pawarta yaiku teks sing isine
5. Tahapan lelakon urip sawise dadi wong diwasa, yaiku dadi
6. Tembung “guru” kalebu tembung camboran
7. Pahlawan utawa pejuang sing wis ngorbanake jiwa raga kanggo bangsa, kalebu wujud saka mongkog marang
8. Wong urip kudu duwe cita-cita, tegese yaiku
9. Conto pawarta sing ana ing televisi yaiku
10. Yen duwe kesalahan marang kanca, kudu gelem

III. Wangsulana pitakonan ing ngisor iki kanthi cetha lan jangkep!

1. Wacanen potongan pawarta iki!
“Dina Senin, tanggal 3 Oktober 2025, SD Mulyasari nganakake adiwiyata resik-resik lingkungan sekolah. Kegiatan iki diikuti kabeh siswa kelas 4 nganti kelas 6.”
Sebutna unsur 5W + 1H saka pawarta kasebut!
.....
.....
2. Jelentrehna telung (3) conto tumindak gotong royong sing bisa kok lakoni ing lingkungan omahmu! (Gandheng karo Kerukunan Jeroning Masyarakat)
.....
.....
3. Jelasna apa bedane tembung saroja lan tembung entar lan wenehana saben-saben contoh!
.....
.....
4. Apa sing bakal kelakon yen warga masyarakat ora gelem rukun? (Gandheng karo Kerukunan Jeroning Masyarakat)
.....
.....
5. Critakake pengalammu nalika dolanan dolanan tradisional bareng kanca-kanca!
.....
.....

Tulisen nganggo aksara jawa ukoro ing ngisor iki!

6. Aku ora tuku roti telu
.....
.....
7. Biyung sikile aboh
.....
.....
8. Selasa, 09 Juli 2025
.....
.....

Tulisen kanggo basa jawa aksara jawa iki!

9.  ;.....
10. 